

KENBE ICE DEYO!

NYC

Kenbe ICE deyo! NYC se yon kanpay pou mete restriksyon sou Vil nou an nan konspirasyon ak Biwo Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (ICE) nan detansyon ak depòtasyon kominote nou yo.

Nou ap goumen pou pasaj lejislasyon nan Konsèy Vil Nouyòk la pou:

Limite
kominikasyon
ant Depatman
Koreksyon NYC
(DOC) ak ICE

Entwodiksyon
185

Limite kapasite
Depatman
Lapolis Nouyòk
(NYPD) pou
kenbe moun
sou detantè
imigrasyon

Entwodiksyon
184

Kreye yon fason
pou imigran
Nouyòk ki frape
pa vyalasyon
lwa detantè
pou chèche
jistis

Entwodiksyon
158

**Rezidan Nouyòk yo te goumen pandan anpil ane
pou anpeche Vil la Fè konplo ak ICE.**

Nan 2014, Konsèy Minisipal la te pase lwa ki limite lè NYPD ak DOC ap onore yon detantè ICE e enfòmasyon yo te kapab pataje avèk ICE. Pou NYPD ak DOC onore yon detantè, lalwa te egzije ICE pou prezante yo avèk yon manda ke yon jij federal siyen. Malgre objektif lwa a, Vil la kontinye voye moun bay ICE.

**Yon detantè (oswa
"kenbe") se yon taktik
ICE itilize pou mande
yon ajans Vil la pou
ede yo arete yon
moun. Detantè sa yo
pa siyen pa yon jij e pa
gen okenn obligasyon
pou konfòme avèk yo.**

Ajans minisipal yo



ICE

Entwodiksyon 185

Pwoblèm nan: Anplwaye DOC kontinye fasilite transfè a moun yo nan detansyon imigrasyon paske yo enfòme ICE lè yo pral lage, pou ICE ka vini ranmase yo . DOC kwè ke yo ka fè konplo ak ICE si yon moun gen sèten kondanasyon krim oswa si yo se yon match sou yon lis gouvènman ki pa kòrèk, menm lè ICE pa gen yon manda ki siyen pa yon jij federal. Sa a pini moun ki gen arrestasyon ICE akoz de kontak ak yon sistèm legal kriminèl rasis, afebli pwomès Vil la pou pwoteje imigran, detwi fanmi ak kreye chòk ki dire lontan.

Solisyon an: Lejislasyon sa a fè trè klè ke DOC pa ka kominike avèk ICE sou yon moun pou rezon ranfòsman ICE amwenke gen yon manda ki siyen pa yon jij federal. Sa a asire w ke Vil la pa patisipe nan pini moun de fwa—tou de ak santans kriminèl ansanm avèk risk depotasyon.

Entwodiksyon 184

Pwoblèm nan: Lwa Eta a pa otorize okenn ajans lapolis pou kenbe yon moun pase dat liberasyon yo pou ICE, amwenke ICE prezante yon manda ki siyen pa yon jij federal—yon bagay ki pa janm rive. Men, lwa aktyèl vil la reklame NYPD ka kenbe yon moun pou ICE san yon manda si yo gen sèten kondanasyon epi yo retounen nan payi a apre yon depòtasyon oswa yo se yon match sou yon lis gouvènman ki pa kòrèk. Langaj sa a se yon pwoblèm paske li envite NYPD pou kenbe moun kontré ak lwa eta Nouyòk la.

Solisyon an: Lejislasyon sa a pral entèdi NYPD kenbe yon moun pou ICE san yon manda ki te siyen pa yon jij federal, pote lwa lokal la nan liy ak lwa eta a epi fèmen espas sa a nan lwa vil Nouyòk la.

Entwodiksyon 158

Pwoblèm nan: Lè lwa detantè yo vyole, pa gen okenn fason pou Nouyòkè òdinè yo kenbe ofisyè yo ak ajans yo responsab pou vyole dwa yo.

Solisyon an: Lejislasyon sa a pral kreye yon “dwa prive nan aksyon” – ki pèmèt yon moun prive pran aksyon legal pou ranfòse dwa li – pou moun ki domaje pa vyolasyon vil la nan lwa sa yo ka chèche jistik nan tribunal, enkli peman lajan an. Imigran Nouyòkè ak kominate yo soufri mal alontèm lè ajans vil Nouyòk inyore e mal entèprete lwa detantè lokal yo. Lejislasyon sa a ta asire w ke DOC ak NYPD fè fas a konsekans lè sa rive, asire pi bon konfòmîte, epi anpeche separasyon fanmi imigran Nouyòkè yo.

Vin jwenn nou!



IMMIGRANT
DEFENSE
PROJECT

THE
LEGAL AID
SOCIETY
Justice in Every Borough.

UnLocal
Community Immigration
Legal Services & Education

NYCDS

Brooklyn
Defenders



NYCLU
ACLU of New York

NYIC

TAKEROOT
JUSTICE

The Bronx
Defenders

Redefining
public
defense



FAMILIES
for Freedom

CARDOZO LAW
BENJAMIN N. CARDozo SCHOOL OF LAW • YESHIVA UNIVERSITY
KATHRYN O. GREENBERG IMMIGRATION JUSTICE CLINIC

ENVISION
FREEDOM FUND

AFRICAN
COMMUNITIES
TOGETHER